# सभकेर सुधि अहाँ लै छी हे अम्बे मैथिलि भजन लिरिक्स

सभकेर सुधि अहाँ लै छी हे अम्बे,
हमरा किए बिसरै छी हे।bd।

---

थिकहुँ पुत्र अहींकेर जननी,
से त अहाँ जनै छी हे,
एहन निष्ठुर किए अहाँ भेलहुँ,
कनिको दृष्टि नहि दै छी हे।bd।

---

क्षण-क्षण पल-पल ध्यान करै छी,
नाम अहींकेर जपै छी हे,
रैनि-दिवस हम ठाढ़ रहै छी,
दर्शन बिनु तरसै छी हे।bd।

---

छी जगदम्बा जग अवलम्बा,
तारिणि तरणि बनै छी हे,
हमरा बेरि किए ने तकै छी,
पापी जानि ठेलै छी हे।bd।

---

सभकेर सुधि अहाँ लै छी हे अम्बे,
हमरा किए बिसरै छी हे।bd।

गायक / प्रेषक – रुपेश चौधरी।
**7004825279**

---

समस्त भजनों के लिरिक्स और विडियो बिना इन्टरनेट के भी अपने मोबाइल में देखने के लिए गूगल प्ले स्टोर या एप्पल एप्प स्टोर से 'भजन डायरी एप्प' जरुर इनस्टॉल करे। वेबसाइट - https://www.bhajandiary.com